



## ki nay dëgg mooy ki ñu ma tudd fi moom te julliwul ci man

Jële nañu ci Al-Husayn ibn Aliyun Ibn Abii Taalib yal na leen Yàlla dollee gérëm mu wax ne: Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: "ki nay dëgg mooy ki ñu ma tudd fi moom te julliwul ci man".

[Wér na]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day moytandikuloo ñàkk a julli ci moom bu ñu déggee turam walla dàkkantalam walla meloom, mu wax ne: ki nay, nay gu mat mooy ki nga xam ne dañu maa tudd fi moom te julliwul ci man; loolu ngir ay bir: Bi ci njëkk: ndaxte ag nay la ci mbir moo xam ne du tax mu ñàkk lu néew walla lu bari, te du joxe alal, du def it coono. Ñaareel bi: moom dafa nay ci boppam daldi xañ boppam yiwu julli ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc; ndaxte li mu ñàkk a julli ci moom moo tax mu nay ñàkk a joxe àq joj def ko dafa war ci moom ngir jëfe ndigal, daal di ciy am ag fay. Ñatteel bi: julli ci moom joxe yenn àqi Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc moo ngi ci, moom moo nu xamal, moo nu gindi, moo nu woo ci Yàlla mu Baarkeel mi te kawe, moo nu indil wahyu gi, ak Sariiha bi, te mooy Sababus sunug gindiku -ginnaaw Yàlla mu Baarkeel mi te kawe - ku julliwul ci moom kon ku nay la ci boppam, ku nay la it ci Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ci àq joj mooy li gën a ndaw ci ay àqam.

<https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5403>